

POTRÉT SOSIAL DARPAN

Ku Agus Suherman

Minangka lembaga sosial, tumuwuh jeung mekarna sastra téh raket patalina jeung pranata sosial lianna. Dina gelarna waé, karya sastra téh mangrupa hasil tina perilaku sosial, nyaéta ketakna sastrawan. Atuh dina proses kreatifna ogé, geus tangtu sastrawan téh dipangaruhan atawa kapangaruhan ku latar sosial kamasarakatan di sabudeureunana. Éta hal bisa kaharti, lantaran salaku anggota masarakat, sastrawan hamo bisa misah atawa misahkeun manéh ti masarakatna. Éta sababna para ahli sapuk yén karya sastra diciptakeun téh pikeun dirarasakeun, dilenyapan, jeung dimangpaatkeun.

Gelarna sastra di masarakat moal leupas tina sistim anu diagem ku éta masarakat, sarta baris terus nepung gelang padungdangan bulak-balik. Kitu deui eusi caritana, anu ngalakonkeun rupa-rupa kajadian jeung pasualan kahirupan, baris terus adu manis atawa pagedrug jeung ajén-inajén, papagon, katut kanyataan sosial lianna. Ku kituna, réalitas sosial anu katitén ku pangarang nalika karya sastra dicipta, condong mangaruhan atawa awor dina éta karya, malah gambaran paripolah masarakatna, boh saeutik boh pohara, bisa kapireng dina éta karya sastra. Sanajan kitu, perelu digurat handap heula yén karya sastra téh lain potrét atawa gambaran sosial-kamasarakatan anu lengkep jeung sampurna. Éta hal alatan kaséngkér ku sipat-sipat husus sastra anu nyangkup génré, wangun, eusi, jeung unsur kaéndahan lianna.

Patalina sastra jeung réalitas sosial, utamana masarakatna, magrupa hiji beungkeutan anu pengkuh. Ku kituna dina neuleumanana merlukeun jiwat sawangan anu saimbang. Éta hal téh kungsi diungkarakeun ku Grebstein (dina Sapardi Djoko Damono, 1979) anu nyebutkeun yén karya sastra teu bisa disalusur salengkep-lengkepna upama dipisahkeun tina lingkungan kabudayaan anu ngarojongna. Sastra kudu dikoték-tak dina kontéks anu salegana, hartina lain ukur sastrana wungkul, tapi ogé unsur disaluareunana.

Upama téa mah muncul hiji kapanasaran, naha enya karya sastra bisa jadi potrét sosial? Éta patalékan téh baris kajawab misilna ku cara nalungtik nasib Jang Kusén dina novél “Baruang Ka Nu Ngarora”, anu nagalaman nasib naas alatan rumah tanggana dihihileudan ku Aom Usman. Dina implengan titi mangsa anu digambarkeun ku pangarang, jalma nu miboga status sosial luhur saperti Aom Usman, bisa laluasa ngahihileudan rumah tangga urang pasar atawa somah (Ujang Kusén), kalawan tanpa aya harungan. Kitu deui upama nalungtik karya sejénna, hal sarupa kitu téh tangtu baris kajugjug, minangka potrét sosial dina jamanna anu geus diropéa dina wanda carita.

Réalitas sosial dina karya sastra mangrupa réalitas sosial injeuman anu geus diropéa ku pangarang. Éta réalitas sosial téh di unggal wewengkon teu rempeg sarua, tapi béda-béda luyu jeung dinamika masarakatna. Kahirupan patani nau dalit jeung leutak sawah, jarami, galengan, saung sawah, macul, tandur, ngarambét, ngasupan cai, panen jeung nu lianna, dina kumpulan carpon “Nu Harayang Dihargaan” ku Darpan disulap jadi runtuyan kajadian anu matak watir jeung ketir, matak lewang jeung longkéwang, sarta matak peurih jeung ngeurih.

Rina anu kuduna bada usum panesn téh ngarangkep jeung Kosim, kapaksa bolay. Kitu deui kang Acid anu geus gilig rék rarabi, teu ngajadi. Éta hal dilantarankeun ku gagalna panen alatan diserang hama panggérék batang. Sawah jadi tegalan jarami, paré nu kuduna geus beukah téh tuluy ngeluk buahan, ieu mah kalah ngacung jeung garing. Kaayaan sarupa kitu the ngajurung opat jajaka (Amad, Kang Ocid, Éman, jeung Kohar) jadi apruk-aprukan ngeprak manuk mapay-mapay sawah. Nepi ka hiji waktu, nalika Rina keur nguihan di saung sawah, éta abrangan nu ngeprak téh kabeneran deuih nyantrong kalebah dinya. Mimitina nun ngeprak api-

api milu ngiuhan, ahirna kausap setan. Dina hirup anu jauh ti huripna, nyawah diserang hama, kaayaan keur pailit jeung paceklik, kahormatan Rina digadabah jadi tumbalna (“Nu Ceurik Dina Lahunan”).

Pasawahan upluk-aplak, ladang kesang muka lahan jeung bukbak, wariskeuneun ka anak incu bisi hirup kalaparan jeung kurang pangan, lain dipiara tur diurus dihadé-hadé, ieu mah kalah dimurah-maréh tanah subur kalah kapimilk ku batur, sasat ku deungeun. Lahan angar jeung sanget anu geus robah ngajadi sawah, hasil jerih payahna Ki Sardi, kiwari geus pindah leungeun digade-gadekeun ku anakna. Kitu deui ladang kesang Ki Karnali, meunag ripuh ti isuk jedur nepi ka sore jeder, ayeuna ludes dijualan ku Akim anakna, beak dipaké maén. Nu boga gawé gédéna mah bati nbgaheruk, asa diteungteuinganan (Layung Geus Ririakan”).

Lebah gambaran carita anu ngagunakeun latar kahirupan birokrasi desa, Darpan parigel pisan mere pereleanana. Perangkat desa katut réngkak paripolahna, dihadirkeun ku Darpan dina takeran anu meneran. Kadés, ulis, upas désa, RK, RT, jeung nu lianna, hadir dina implengan nu maca minangka tokoh anu dina kalaharan masarakat désa mangrupa jalma-jalma nau dihargaan, ditanggeuy, dipercaya, tur punjul ti nu lianna. Sikep masarakat sarupa kitu téh numuwuhkeun rasa tumut kana sagala paréntah sakapeung mah, remen boa, hal-hal anu matak ngarugikeun dirina ogé sok dilakukeun. Lain baé pangorbanan mangrupa cau, gedang, jagong, jeung kalapa, malah mojang désa ogé giak pisan dikumaha ku perangkat désa pikeun diparabkeun ka tatamuna (“Patung jeung Hayam”).

Rasa ngeungeunaheun jeung kumawasana birokrat désa, mindeng nimbulkeun unggah adat jeung ngunghak ka rahayat. Rahayat ditaragal hakna, malah mun teu nurut diémbohan ku ancaman sagala, dibarung ku intrik jeung akal licik. Sumbangan ti pamaréntah keur masarakat mah ngan saeutik, malah aya nu teu kabagian. Pareng aya nu haat merjoangkeun hak balaréa, dipiheulaan mantén diakalan ku sandiwaraan lurah saparakanca, sangkan rahayat ngaku yén bantuan téh geus katarima, ahirna sikep joang téh jadi ngabarérang ka diri sorangan (“Taleus Ateul”).

Kitu deui upama aya kahayang, haying kapilih deui jadi lurah upamana, tetep rahaya kénéh waé anu dijadikeun alat mah (“Cikopi Sagela”), malah keur urusan pribadi anu patali jeung rasa timburu alatan pamajikan ngorana ada main jeung camat anyar, rahayat deui waé anu diangsonan sangkan ngajorag kacamatan (“Ada Main”).

Kahirupan rumah tangga anu paburantak, boh alatan kagoda ku nu ngora, boh ditinggalkeun kitu baé ku salakina (“Langit Leubeut ku Béntang”), ogé boh alatan teu silih hargaan antara salaki jeung pamajikan katut mitohana (“Nu Harayang Dihargaan”), dihadirkeun ku Darpan jadi kanyataan anu matak nyérését jeung sumélékét, matak nyeresét jeung ngangrés. Dina “Nu Harayang Dihargaan”. Darpan mere tanaga anu rohaka ka tokoh awéwéna, ikah, disina teunueng nangtukeun jalan sorangeun. Nalika Kardi, urut salakina, ngahulag sangkan eureun ngadombrét, ikah capétang ngalawaan kalawan nyebutkeun yén kalakuan kitu téh ulah dipatalikeun jeung kahormatan Haji Somad, dalah najan dirina henteu ngadombrét ogé, kakucrutan Kardi jeung kulawargana, geus kanyahoan. Ikah malik-malikeun katugénah haténa ka urut salakina, népi ka ahirna silih tampiling.

Basa garihal jeung basa wewengkon anu digunakeun dina ieu carpon, mere gambaran anu némbres ngeunaan kahirupan di basisir. Darpan parigel pisan midangkeun kahirupan pamaén dombrét, ti mimiti kaang tukangna nyaéta paburantakna rumah tangga, udagan hirupna, nepi ka paripolahna nalika keur dituyun ka tempat anu hieum jeung reyem-reyem, malah mah sikep masarakat anu horéam kabarérang ku haram, kama’siatan, jeung kamudaratan dombrét, kagambar dina “Nu Laus Ninggalikeun”.. potrét kahirupan rumah tangga lianna katitén dina “Si

Ato miara Jago”. Warnasih kudu nagalaman nasib sial ngalayanan birahi juna, alatan hirupna balangsak sarta ditinggalkeun ngejat ku salakina ti saprak patélak jeung tatanggana.

Sikep cupét jeung antipati masarakat ka awéwé anu kungsi ngalakukeun teu uni, jadi ungluk, katohyan dina “Mulang”, sedengkeun sikep apatis jeung kurang pro-aktif masarakat kan program pangwangunan di lingkunganana, katangen dina “Saméméh Komat”. Lian ti éta, ruksakna lingkungan akibat eksploitasi alam, ditembrakkeun ku Darpan dina “Helikopter”. Belut, kapiting, bango, mandar, hayam-hayaman, belekok, jeung manuk lianna, geus iang ti habitatna akibat polusi ti proyék Pertamina. Kitu deui potrét lahan jeung pilemburan anu jadi korban digusur demi pangwangunan, atra dina “Peuting Nu Hareudang”. Pinayungan tempat matuhna Pa Adé, dirurud ku rongkah jeung mokahana pangwangunan pabrik waja. Warga lembur anu embung nyingkah, dipaksa dititah indit ku sagala cara.

Teu kaliwat, nasib kingkin anu kungsi kaalaman ku masarakat anu silsilah pancakakina kalibet atawa aya patalina jeung OT-PKI, natrat dina “Ibu Guru”. Tini kudu tumarima kana nasib dipecat tina guru SD alatan éta hal. Carita anu kailhaman ku balukar pailitna pulitik jeung kakawasaan, dipagedrugkeun ku pangarang jeung niat suci katut kamapuh Tini dina ngabdikeun diri dina widang atikan.

Rupa-rupa kajadian jeung pasualan kahirupan geus dibeungkeut ku Darpan dina réka carita Kumpulan carpon “Nu Harayang Dihargaan” midangkeun potrét sosial anu geus diuwuh ku pangalaman batin pangarang katut daya imajinasi jeung kontemplasi, nepi ka ngajenggleng hiji wangun kahirupan anu geus dipiguraan. Darpan mampuh mindahkeun kahirupan nyata di dunya lega, jadi dunya leutik dina ugeran wacana.

Capétangna Darpan ngungkarakeun sakabéh angen-angenna ngeunaan ideu carita, karasa éstu norolang. Éta hal pisan anu ngajadikeun carita-caritana nyambung jeung implengan nu maca nepi ka teu karasa, sabada maca hiji-hiji éta kumpulan carpon, terus jadi ngaheneng sarta galecok gunem piker, madungdengkeun réalitas sosial dina kahirupan nyata; gunem pikir antara pangalaman batin sorangan.

Sabenerna mah pasualan anbu diasongkeun ku pangarang téh lain pasualan anu ahéng atawa arang karandapan, tapi éstu lumrah pasualan rutin sapopoé, pasualan biasa utamana pikeun masarakat anu digambarkeun dina carita, ngan baé kamampuh jeung kaparigelan Darpan dina ngolah basa, milih kecap, ngawangun konflik, mulak-malik alur, milah latar, malah tehnik cacarita, bisa ngagedurkeun émosinu maca, nepi ka hal-hal anu fianggap biasa téh ngajenggleng jadi luar biasa.

Macaan kumpulan carpon “Nu Harayang Dihargaan” téh rarasaan mah keur mukaan albeum, albeum kahirupan anu eusina horéng (meureun) kungsi karandapan ku bangsa sorangan, pangpangna ku masarakat anu katidérésa dina ngambah taringgul jeung tarahalna kahirupan. Nasib patani, pamayang, kadés, upas, randa, mojang désa, jeung urang pilemburan liana, hiji-hiji narémbongan dina lambaran-lambaran ieu kumpulan carpon.

Dumasar kana hal diluhur, timbul hiji keyakinan (sanajan saheulaanan) yén sagala rupa kajadian jeung réalitas social, baris ngahasilkeun karya sastra anu miboga ciri-ciri husus luyu jeung kultuurgébundénheit, nyaéta patalina anatara lingkungan budaya jeung karya anu gélar, sarta jeung zeitgeist, nyaéta jiwa jaman nau mnagaruhan sastrawan din aproses kreatif jeung ngagélarkeun karyaana.

Patalina sastra jeung réalitas sosila lain hubungan anu basajan. Éta hubungan téh kacida ruwét jeung pajeujeutna (mangrupa interaksi kompleks) anu ngalibétkeun trilogy konvensi: basa, sasatra, jeung budaya.

Ku kituna bisa jadi yén neuleuman hiji karya sastra téh mangrupa pangumbaraan batin an uterus nepung gelang anantara fakta jeung fiksi, anantara kanyataan jeung rekaan. Karya sastra anu disuksruk bari ditenggangkeun tina réalitas sosila, baris leungiteun pungsi hakikina, nyaéta pikeun diorarasakeun, dilélému, dilenyepan, jeung dimangpaatkeun.

Sabalikna, upama pohara teuing neundeun harepan yén karya sastra kudu mere gambaran anu lengkep tur sampurna ngeunaan réalitas social, éta oge hartina geus ngapilainkeun daya imajinasi, tur kurang eungeuh kana sipat-sipat husus sastra anu kasengker ku genre, wangun, eusi, jeung kaédah-kaédah éstetika. Yén antara karya sastra jeung réalitas sosila aya hubungan tur silih pangaruhan, éta hal moal bisa dipungkir jeung réalitas social aya hubungan tur silih pangaruhan, éta hal moal bisa dipungkir jeung disapirakeun, ngan baé hal saarupa kitu téh kudu disindekelkeun dina énas-énasna sastra, anul lain wungkul niru-niru kanyataan, tapi ogé nyiptakeun nu anyar.

Tangtu waé éta hal téh merlukeun sikep jembar kalawan tetep nganggap yen karya sastra téh mangrupa tapsiran kanyataan satra lain potrét nyeplés kahirupan.

* dimuat dina Majalah *Mangle* No. 1846.

** diléléér hadiah sastra DK Ardiwinata 2001 (pinunjul 2).